

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra téh hiji karya anu miboga ajén éstétika, sarta di jerona ngandung ajaran-ajaran ngeunaan kahirupan. Wellek jeung Warren (dina Kurniawan, 2012, kc. 1) nyebutkeun yén sastra téh minangka karya imajinatif anu mediana basa, sarta miboga ajén éstétika anu dominan. Imajinasi jeung éstétika mangrupa konsép dasar tina seni anu sipatna personal, sedengkeun basa mangrupa média dina karya sastra pikeun nepikeunana. Lantaran ngagunakeun basa salaku média, karya sastra béda jeung karya-karya seni séjénna.

Karya sastra téh mibanda tilu wangun, nya éta prosa, puisi, jeung drama. Novél kaasup kana karya sastra prosa. Novél bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi. Reeve (dina Wellek jeung Warren, 1989, kc, 260) nyebutkeun yén novél nya éta gambaran kahirupan sarta tingkah laku anu nyata, dina jaman waktu éta novél ditulis. Novél sifatna réalistis, sarta leuwih nyoko kana réalitas anu leuwih luhung sarta psikologis nu nyosok jero. Cindekna, novél nya éta karya sastra anu umumna panjang, ngagambarkeun kahirupan nyata, sarta bisa ngagambarkeun maksud jeung tujuan pangarangna.

Minangka karya prosa fiksi anu panjang, novél mibanda struktur carita nu tangtu, lian ti éta, minangka gambaran tina kahirupan, dina salasahiji novél di Tatar Sunda nya éta novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono nyampak ajén-inajén kahirupan di antarana waé, ajén moral. Struktur carita jeung ajén moral dina novél moal kapanggih lamun teu diguar atawa ditalungtik. Ku kituna panalungtikan kana novél nu ngaguar struktur carita jeung ajén moral masih perlu dilaksanakeun.

Panalungtikan-panalungtikan ngeunaan struktur carita jeung ajén moral dina karya sastra Sunda (novél), mémang geus dilaksanakeun ku sababaraha panalungtik di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, di antarana: Jajat Jatirasa (2011) kalayan judul: “Analisis Ajén Moral dina Novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri,” Ema Rohimah (2013) kalayan judul: “Ajén Moral dina Struktur

Carita *Dongéng Manglé Alit* anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”.

Éta panalungtikan téh mémang sarua, ngulik perkara novél Sunda, tapi masih kénéh misah-misah. Ari nu ngabahas novél tina struktur jeung ajén-inajén moral mah masih langka. Najan ieu panalungtikan téh ngabahas novél tapi aya bédana jeung panalungtikan samémehna. Ieu panalungtikan museur kana analisis struktur carita jeung ajén moral dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono, nu dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di kelas XI SMA. Dumasar kana katerangan di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Struktur Carita jeung Ajén Moral dina Novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di kelas XI SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Minangka karya sastra prosa fiksi, novél téh bisa digarap tina rupa-rupa jihat jeung pamarekan. Ieu panalungtikan museur kana ulikan struktur jeung ajén moral dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI SMA. Aya tilu hal nu di pedar dina ieu panalungtikan. Dumasar kana kasang tukang di luhur, bisa dirumuskeun dina wangun tilu pertanyaan ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono?
- b. Ajén moral anu aya dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono?
- c. Kumaha ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI SMA?.

1.3 Tujuan panalungtikan

Sakabéh panalungtikan pasti miboga tujuan, ku kituna patali jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho struktur carita jeung ajén moral anu aya dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono.

1.3.2 Tujuan husus

Sangkan leuwih jentré, tina tujuan umum di luhur dituliskeun deui tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nya éta.

- a. Struktur carita novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono;
- b. Ajén moral dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono; jeung
- c. Midangkeun bahan ajar tina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono.

1.4 Mangpaat panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Pikeun widang sastra, ieu panalungtikan bisa nambahan jeung méré pangaweruh anyar ngeunaan cara nganalisis karya sastra ngagunakeun pamarekan struktural.

1.4.2 Mangpaat praktis

- a. Pikeun guru panalungtikan ieu bisa dijadikeun pangdeudeul bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA.
- b. Pikeun siswa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina ngapresiasi karya sastra hususna ngeunaan ulikan strukturalisme karya sastra jeung ajén moral nu aya dina novel.
- c. Pikeun masarakat bakal mikanyaho ajén moral nu aya dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono nu satuluyna bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé.

1.4.3 Manfaat pikeun Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudang kasadaran masarakat sangkan leuwih méré panitén sarta ngajaga kabeungharan basa jeung budaya daerah, hususna widang sastra.

1.4.4 Manfaat pikeun Isu sarta Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan novél sacara ringkes, sarta jadi motivasi pikeun saha waé nu hayang leuwih apal kana tilikan strukturalisme dina novél.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha nu dipedar ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka sarta gambaran umum eusi skripsi, strukturna ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II nya éta ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah nu dijieun objék panalungtikan, eusina ngajelaskeun sacara déskriptif tiori-tiori nu luyu dipaké pikeun panalungtikan, rujukan séjén nu aya pakaitna jeung panalungtikan sarta panalungtikan saméméhna.

Bab III métode panalungtikan nu ngajelaskeun prosedur panalungtikan, ti mimiti tiori nu dipaké, informasi ngeunaan lokasi atawa objék nu ditalungtik, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, tahapan ngumpulkeun, ngolah sarta analisis data.

Bab IV eusina hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah ku cara ngadéskripsikeun sacara proporsional.

Bab V eusina kacindekan, impleméntasi sarta rékoméndasi. Réfleksi tina hasil analisis panalungtikan sarta saran pikeun nu nyieun kawijakan atawa nu ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.